# Bozatawda arnawlı suw saqlaǵısh qorları qurılmaqta

Image not found or type unknown

Respublikamız xalqın taza ishimlik suwı menen turaqlı támiyinlep turıwshı «Túyemoyın» suw saqlaǵıshı tarmaǵına Bozataw rayonı Qazanketken suw jetkerip beriw qurılması jalǵanbaǵanlıqtan taraw qanigeleri rayondaǵı Erkindárya kanalınıń suwın arnawlı suw saqlaǵıshlarda tındırıw hám qosımsha xiymiyalıq eritpelerdi qosıp zıyansızlandırıw arqalı xojalıqlardı taza ishimlik suwı menen támiyinlep kelmekte.

Eń quwanıshlısı, endigiden bılay Bozataw rayonı xalqın  taza ishimliklik suwı menen támiyinlewdiń barlıq ilájları kórilip, búgingi kúnde Qazanketken suw jetkerip beriw qurılmasında  ulıwma baxası 13 mlrd so’m bolǵan suwdı filtrlewshi arnawlı úskene, 200 kub suwdı saqlawshı arnawlı suw saqlaǵısh qorlarınıń qurılıs jumısları usı aydıń may ayında baslanıp jedel pátler menen dawam etpekte.

Bozataw rayonı hákimliginiń Málimleme xızmeti